

# KUUYA KWA<sup>S</sup>H<sup>E</sup> KWECHIPIRI



Baba vedu veKudenga, patiri kuuya kwaMuri manheru ano, muZita iro rakaisvonaka raIshe Jesu, tinofara zvikuru patiri kuswederwa pamazuva matsvene aya, tichiziva kuti ino inomiririra nguva hurusa panyika. Ndeapo pakaitwa Chibairo chakazvikwanira muna zvose, kuti vatadzi vanonzwisa urombo vakarasika vagone kusunungurwa uye vave netariro huru iyi yatinayo mukati mehana dzedu manheru ano, kuti rimwe zuva Achauya zvakare. Uye manheru ano, ndichiswederwa papurupiti ino, ndichipinda nepamusuwo, nekunzwa rwiyo urwu rwekare, “Tichava nevhiki rakanakisa rekuuya kumusha, makore 10,000 ekutanga,” zvinodzosa ndangariro dzemakore mazhinji akapfuura patakasangana pano mutabhenakeri rumutsiriro rukuru rweyasi rose rusati rwatanga. Uye, Mwari Baba, tinongokoshesa pfungwa idzodzo.

<sup>2</sup> Uye zvinoratidzika zvakanaka mumweya yedu kuti tidzoke zvakare manheru ano kuzotanga rwumwe rwerumutsiriro rwuya rwechinyakare apo vatadzi vanodana kuti vawanirwe tsitsi, uye akadzokera shure anogadzirisa zvinhu naMwari zvakare. Uye Mweya Mutsvene ndiye Munhu mukuru mumusangano uyu, uYo anobata nekutonga, uye ounza kwatiri Chingwa cheHupenyu kubudikidza neShoko. Uye tinonamata kuti Agoshumira kwatiri husiku hwega-hwega murumutsiriro rwuno, agopodza vanorwara nevanoshaiwa, agochenesa mutendi wese, uye awane mbiri kubva mukushingaira kwatiri kuita uku. Nokuti, Mwari Baba, tiri kungozvikumbira chete kuti Zita raKe rikudzwe nekubwinyiswa. Amen.

<sup>3</sup> Uku kuzadzisa vimbiso yandakaita makore 11 apfuura. Nguva refu ndichitenderera kusvika pairi, asi kudzokazve kutabhenakeri nekuva nerumutsiriro. Uye, zvino, tinoziva kuti tabhenakeri yedu diki haina nzvimbo inokwana kuitira rumutsiriro, asi tichangomanikidzana muno, nepatinogona napo pose, kwehusiku hushoma hunotevera, kuitira mbiri yaMwari.

<sup>4</sup> Uye ndinoda kuitira musangano muchechi. Nzvimbo zhinji, tinadzo munhandare, uye kunze uko munzvimbo dzepanze, uye munhandare huru, asi pane mumwe musiyano kana mukava nawo muchechi. Zvinoita sekuti kuyanana kunotapira, kwepedyo zvakawedzera kana muri muchechi. Kunze uko munhandare idzi, nzvimbo dzemunyika, tinotenda nemukana wekuva kunze ikoko, asi zvinoita sekuti unowana kutsimbirirwa, kunge simba remadhimoni, raunofanira kukunda rumutsiriro rwusati rwatanga. Asi zvino paunopinda muchechi, inzvimbo inogara Mwari, kuuya mumba maVo kuzova nemusangano.

<sup>5</sup> Uye zvino tinofara manheru ano kuona zviso zvizhinji

zvekare zvandakaona makore akapfuura mukupera kweshumiro yangu pano patabhenakeri. Kuona Hama Graham muno, neHama Curtis, naHanzvadzi Angie, naHanzvadzi Gertie pano, naHama Cox naHanzvadzi Cox, uye, oo, ini zvangu, vazhinji venyu kwazvo, Hanzvadzi Spencer naHama Spencer, uye nemi mose muri muno. Tiri kufara zvikuru. Amai, naMai Slaughter, nehama iri neche apa, angori mapoka makuru enyu, zvakadaro. Vangani vari muno kubva panguva yatakatanga kumashure, ndinoreva pandakabva murumutsiro kuti ndiende kunze? Ngationei maoko enyu. Kwese-kwese muchechi manheru ano, honai maoko ayo chete. Zvakanaka chaizvo.

<sup>6</sup> Iye zvino tiri...kuziva kuti rumutsiro rwunouya chete neMweya Mutsvene. Ndiwo waCho Unounza rumutsiro. Uye hatigone kuzviita isu pachedu, tinogona chete kushingaira ikoko; uye Mwari vanofanira kuropafadza kushingaira ikoko, uye tinovimba kuti Vachazviita.

<sup>7</sup> Ndanga ndichiudza mudzimai wangu munzira tichiuya... Handina kana kumbowana mukana wekudya chikafu chemanheru. Kune basa rakawandisa. Dzanga dziri 2 o'clock nezuro masikati ndisati ndatombopfeka shati yangu, kubva panguva yandakamuka nezuro mangwanani. Ndicho chikamu chefoni. Uye pangori pana 2 o'clock chaipo ndipo pandakava nechinhano chaida betsero nechimbichimbi chaChiremba Sam Adair muLouisville. Uye apo... Uyezve nedzimwe nhare dzakawanda, nevarwi vehondo. Mumwe kubva kuchipatara, akati, "Zvinoka, tamirira nguva nenguva, zvino kana gehena rakanyanya kuipa kana tasvikako kupfuura zvanga zviri kusuwa uku, takamirira." Uye kungori nekuridza mhere nekuchema kubva kwese-kwese, mazana evashumiri.

<sup>8</sup> Uye, ndinokuudzai, tiri kurarama mune rimwe remazuva makurusa ati ambozivikanwa nenyika ino, imwe yenguva hurusa. Uye ndinofara zvikuru kuona nzara mumoyo yevanhu yekuda Mwari zvakananyanya.

<sup>9</sup> Zvino ndakaisa pamoyo pangu, ndichinamata kuti zviri mukuda kwaMwari. Uye, gara zviya, kune vamwe vanhu vakamira kumashure uko. Hameno...Tine chi—chigaro pano, bhenji duku, hameno kuti neimwe nzira tingakwanisa kugadzirisira bhenji diki iro. Vamwe vemadzimai...kana chimwe chinhu, vakamira kumashure uko, vatingagone pamwe... Pano, hameno kana vamwe vavo vari pano kana zvimwewo, vakangofamba vouya pabhenji kumusoro kuno, kumusoro kuno kumberi. Pamwe...Hama Ben, tinofara kukuonai muno, nguva yandakapedzisira kukuonai ndaiva kuSan Fernando Valley, California, mavhiki mashoma apfuura. Uye pano pane nzvimbo kumusoro kuno kana muchida kuuya kumusoro, imi—imi vanhu vari kumashure vakamira. Uye zvino kana muchida kuuya kumusoro, handiti, huyai zvenyu chaiko kumusoro. Hechino chimwe chigaro chiri kumusoro papuratifomu pano,

nedzimwezve nzvimbo apa, uye dzichatorwa paartari. Tinoda kuti munge makagara zvakanakisa sekukwanisa kwamungaita.

<sup>10</sup> Uye ndaudza mudzimai wangu kuti ndakazvivimbisa kuti nerubatsiro rwaMwari, handivavarire kurebesa shumiro, ndinoda kutaura maminetsi 30, Ishe vachitendera. Uye ichocho chichava chishamiso pachezvacho, nekuti ini—ini handitokwanise kutanga nekukurumidzisa. Uye, asi ini—ini ndinofanira kuedza, uye nekuda kwe. . . Uye zvakare nenguva inotevera tiri, ino, mangwana manheru. . .

Manheru ano, musoro wangu wenyaya unoti: *Kuuya KwaShe Kwechipiri*.

<sup>11</sup> Zvino mangwana manheru manheru echirairo, uye ndinoda kutaura pamusoro pe *Chirairo* kubva pamamiriro eTestamende Yekare. Uye tiri. . . Mangwana manheru ndihwo husiku chaihwo hwechirairo, nokuti ndihwo husiku hwakatengeswa Ishe vedu. Uye ndihwo husiku chaihwo hwechirairo. Uye mushure meshumiro mangwana manheru, shumiro yemazuva ese yekuparidza, zvadaro tichava nechirairo. Uye munhu wese anokokwa kuti auye pamwe nesu uye—uye atore chikamu ichi chakabwinyiswa chakasiwa naShe wedu Jesu kwatiri.

<sup>12</sup> Uye manheru anotevera, Ishe vachitendera, huri husiku hwekurovererwa pamuchinjikwa, ndinoshuva ku—kutora, kubva pane maonero akasiyana zvichida kubva pane zvamunenge muchinzwa paredhiyo, *Kurovererwa Pamuchinjikwa*.

Uye zvakare neMugovera manheru, *Kuvigwa Mubwiro*.

<sup>13</sup> Svondo mangwanani na 6 o'clock, shumiro yepakubuda kwezuya. Na 10 o'clock, shumiro yerubhabhatidzo, zvino kana paine vanoda kubhabhatidzwa. Uye zvakare mharidzo yemangwanani yeEsta.

<sup>14</sup> Zvakare Svondo manheru, Ishe vachitendera, tiri kutarisira mharidzo pfupi pamusoro pe*Humbowo HweRumuko*, neshumiro yekunamatira vanorwara. Shumiro dzamazuva ese dzekunamatira vanorwara sedzatinadzo mumusangano kunze uko mumu—musangano wemazuva ose, neSvondo ino iri kuuya manheru. Uye kana usati wambozviona, uye shamwari dzako dzisati dzamboona humbowo hunooneka hwaJesu akamuka, ndinovimba kuti Achaita sezvaAkaita mumakore akadarika mumisangano, kuoneka ipo pano nekuita zvinhu zvimwe chete zvaAkaita paAiva pano panyika. Uye tiri kutarisira panguva iyoyo, kuuya. . . iri kuuya.

<sup>15</sup> Ndizvozvo, fambai zvenyu muchiuya kumusoro chaiko uye modekara sekukwanisa kwamunogona. Uye handizive kuti zvichida mangwana manheru tingagona here kunotora mamwe macheya kune imwe nzvimbo. Zvichida zasi ku—kunzvimbo yevanoviga zvitunha kana kumwewo kwatingagona kuwana

mamwezeve, zvichida ekuisa mumativi. Tinoda kuti munhu wese ave akadekara sekukwanisa kwaanogona.

<sup>16</sup> Vangani vanoda Ishe nezvose zviri mamuri? Zvino ngatiisei rudo rwedu kuna Kristu uye tingotarisa zvino. Hatisi pano nekuda kwedzidziso, tiri pano kuzonamata Ishe. Uye tinongova pano kuti tikoke munhu wese wezvitendwa zvese, ruvara, rudzi, hazvina kana basa pano, tiri kungouya muno kuzoshumira Ishe, uye pachange paine hafu yeawa yekuimba kwechinyakare zvino—zvino shumiro dzisati dzatanga. Uye, zvino, mangwana manheru ndichaedza kutanga sezvakangoita manheru ano, chaizvo, kana zvichibvira, na 8 o'clock, uye tobuda nekukurumidza kwatingagona nako kuitira kuti tigodzoka manheru anotevera.

<sup>17</sup> Uye, zvino, munhu wese anogamuchirwa. Zvakare, vayeni vedu, munogamuchirwa zvakanyanyisa kuti muuye kuzoyanana uye shumiro ichingopera, imi vanhu vechechi ino vanouya pano, onai kuti makwazisa ruoko rwemunhu wese wamunokwanisa. Ingovai... Chingosunungukai zvino, uye mongova nenguva yakaisvonaka. Uye hamuzive zvingaitwe naShe wedu, ino inguva yeEsta uye tiri kungotarisa zvinhu zvikuru.

<sup>18</sup> Zvino, muShoko rakaropafadzwa, ndinoshuvira kungoverenga ndi—ndima imwe, kana mutsara mumwe kana 2, kubva muEvangeri yaMutsvene Ruka, uye chitsauko 15, ndima 8:

*Ndoupiko mukadzi ana madhirakema ane gumi, kana akarasikirwa nerimwe, angarega kutungidza mwenje, akatsvaira imba, uye akatsvakisisa kusvikira ariwana?*

*Uye kana ariwana, anokokera shamwari dzake navavakidzani vake pamwe chete, achiti, Farai neni; nokuti ndawana dhirakema randakanga ndarasikirwa naro.*

<sup>19</sup> Zvino, rinogona kuita seGwaro risinganzwisike chaizvo reKuuya kwaKristu Kwechipiri, uye... asi riri kutaura nezveKuuya Kwechipiri kwaKristu. Uye chidzidzo chikuru ichi chatiinacho pamberi pedu zvino ndicho chimwe chezvidzidzo zvakanyanya kukosha muMagwaro Matsvene ose. Hakuna chinhu chakanyanya kukosha sekuuya kwaIshe Jesu. Nokuti kana Akasauya, tawanikwa tiri zvapupu zvenhema, vakafa vedu vari muguva tawakarara, uye hapana tariro yasara kwatiri kana Jesu akasauya zvinooneka kechipiri. Uye mune chaizvo... chiedza ichi, muchiedza chaicho cheKuuya Kwechipiri, chaive chakakosha kwazvo, zvekuti vhiki rino dzvene ratiri zvino kusvika kwariri, rekuti Jesu, paakanga achiswederwa kwariri kekutanga mumimvuri chayo yeMuchinjikwa, Akataura zvisvishoma nezverufu rwaKe, kuvigwa, nekumuka. Akataura zvakawanda paKuuya kwaKe Kwechipiri kupfuura zvaAkaita

parufu rwaKe, kuvigwa, nekumuka. Saka muchiedza chazvo, inofanira kunge iri nyaya inokosha zvikuru.

<sup>20</sup> MuTestamende Yekare, mune nguva dzakawanda apo Magwaro akawanda muTestamende Yekare ari maererano neKuuya Kwechipiri kwaKristu kupfuura aiveko pamusoro peKuuya kwekutanga kwaKristu. Zvinhu zvose kurudzi rwevanhu, zvino mushure mekunge yananiso yaitwa, zvinozorora zvirokwasvo paKuuya kwaShe KweChipiri.

<sup>21</sup> Zvino, tine zvitendero zvakasiyana-siyana, uye tine vavariro dzakasiyana-siyana nedzidziso dzebhaibheri dzakasiyana-siyana, asi chinamoto chedu cheChikristu chakavakirwa zvakasimba parufu, kuvigwa, nekumuka, neKuuya Kwechipiri kwaShe. Oo, mubvunzo unokosha. Uye patave kusvika zvino, kupfungwa dzangu dzakanyanya kuperera, tiri kurarama mumimvuri chaiyo yeKuuya kwaKe Kwechipiri. Ikoko, nenzira yangu yekuzviona nechiedza cheGwaro, hakuna tariro imwe yasara kuChechi kunze kweKuuya Kwechipiri kwaShe. Nyika muchinhanho chayo chekupengereka kwakanyanya yasvika pakusadzoreka zvachose, yesangano rose rakaitwa nevanhu munyika. Madzimambo haachagoni kubata vanhu vavo zvachose, kunyange vanotonga nechisimba havachagona kubata vanhu vavo zvakare, gutsaruzhinji harichagona kubata vanhu varo zvakare, uye hapasisina tariro yasara kunze kweKuuya Kwechipiri kwaIshe Jesu.

<sup>22</sup> Uye ndiyo zvino imwe yenguva dzinotyisa kwazvo kune asingatendi nemutadzi, yaati akamboona, nekuti nguva yekuparadzwa yaswedera pedyo. Uye ndiyo nguva yakaropafadzwa zvikurusa kumutendi, nekuti rudzikinuro rwake rwava pedyo. Pane mapoka maviri panyika manheru ano, mutendi neasingatendi. Uyo Ishe vari kuuya kuzogamuchira, uye neuyo Ishe vari kuuya kuzopomera mhosva. PaKuuya kwaKe, acharopafadza mumwe uye achatuka mumwe, pakuonekwa kwaKe.

<sup>23</sup> Zvino ichi zvachiri chinhu chakakosha kwazvo, ndinofunga kuti tsitati tasvika. . . pazuva rinoteverwa, waro, nerumutsiro rwehu rwudiki, kuti tinofanira kutarisa zvakaperera, uye muMagwaro, uye toona kuti tiri pedyo zvakadii. Kana ndichida kuziva kuti inguvai, ndinotarisa pawachi yangu. Kana ndichida kuziva kuti izuva ripi revhiki ratiri kurarama mariri, kana kuti mwedzi wegore, ndaitarisa pakarenda. Uye kana ndichida kuziva nguva iri kuuya yechiitiko chikuru ichi, ndinotarisa paShoko raMwari, Rinotaura nguva painenge yosvika. Nekuti Bhaibheri rakati, “Kana zvinhu izvi zvatanga kuitika, simudza musoro wako, rudzikinuro rwako rwaswedera.” Nguva yave pedyo.

<sup>24</sup> Chakanga chiri chinhu chikuru kuna Johane, muzaruri, paChitsuwa chePatimosi, kuti paakaona kufanoratidzwa

kweKuuya kwaShe. Paakaona zvituko zvakazorora pane asingatendi, nemaropafadzo anogara pamusoro pemutendi, akadanidzira achiti, “Kunyange zvino, huyai, Ishe Jesu!” Zvakafadza moyo wake kwazvo mushure mezvose zvaakanga aona, zviitiko Kuuya kwaKe kusati kwaitika, akadanidzira, “Kunyange zvino, huyai, Ishe Jesu!” Zvino zera rose rekereke parakanga rapfuura mumuono wake, uye akaona zvinhu zvose muhuzaro, nzira yazvaizoitika nayo, ndokubva adanidzira kuti, “Huyai, Ishe Jesu!” Chinofanira kunge chiri chinhu chinobwinya kuti Kuuya kwaShe kwaswera pedyo.

<sup>25</sup> Jesu, vadzidzi vaKe pavaakanga vasvika panzvimbo yekuti vakanga vakatarisa kune zvepanyama kana kuti zvinhu zvakasikwa zvepanyama. Zvino, pano tinoda kumira maminetsi mashoma chete. Hazvisi zvinhu zvepanyama chete zvinotikwevera kure nguva dzose, dzimwe nguva zvinhu zvakasikwa ndizvo zvinotikwevera kure. Varanda vaJesu, kana kuti vadzidzi vaKe, vaiMunongedzera temberi yeguta, Jerusarema, temberi huru umo Mwari muKubwinya kwaVo kweShekaina vakanga vaoneka munzvimbo Tsvene-tsvene. Zvino pavakaMuudza nezvekuti mabwe akaiswa zvakanaka zvakadii, kuti humhizha hukuru hwaMwari hwakanga hwakatemera kuti matombo aya achekwe mune nzvimbo zhinji munyika uye agouya pamwe chete. Uye mumakore 40 ekuvakwa kwayo, pakanga pasina kana ruzha rwesaha kana kurira kwesando. Yakange yakabatanidzwa zvine hunyanzvi. Uye kuti Mwari vakanga vapinda sei pamusoro pemaKerubhi uye zvikaratidza Kubwinya kweShekaina yaVo, uye kuti vaive netariro huru sei muhechi huru iyi.

<sup>26</sup> Jesu akavaudza, “Musaona zvinhu zvose izvi.” Kunyange hazvo yaiva nzvimbo tsvene, yaiva nzvimbo yakanaka. Yakange iri nzvimbo, imba yehugaro hwaJehovha. Asi Jesu akati, “Musaone zvinhu izvi. Ndine chimwe chinhu chekukuudzai chitori chikurusa nekure kudarika ichi. Nekuti kuri kuuya nguva,” Akataura, “kuti hakuzova nebwe rinosara pamusoro perimwe.”

<sup>27</sup> Zvisinei nekuti tinoedza sei kubata zvakanaka muviri wedu, zvisinei nekuti tinoshandira sangano redu zvakaoma sei, kuti tinoshanda nesimba sei muhechi pane rairo dzedu—dzedu dzechechi, iri kuuya nguva apo zvinhu zvose izvozvo zvichanyangarika uye zvichipfuura.

Jesu akatanga kuvaudza izvozvo, ivo ndokuti, “Chii chichava chiratidzo chekuuya kwekuguma kwenyika?”

<sup>28</sup> Zvino Jesu akatanga kutaura navo, “Nguva ichasvika yekuti hapazovi neibwe rinosara pamusoro perimwe. Muchanzwa zvehondo nerunyerukupe rwehondo, denda, kundengendeka kwenyika munzvimbo dzakasiyana-siyana.”

<sup>29</sup> Uye rimwe zuva, uko kuCalifornia, kumusoro kuOakland, pawakava mukana wedu kuvako mune mumwe musangano, uye kwaiva kekutanga kuti mudzimai wangu ambova panondengendeka nyika. Ndainge ndakagara munogerwa musoro, uye ini. . . imba yakazunguzika zvishoma. Zvino redhiyo ipapo yakabva yazivisa, “Pane kundengendeka kwenyika kuripo.” Zvikanzi, “Vari kutarisira kumwe kwacho mumaminitisi angaita 8.”

Zvino ndakafunga, “Oo, ko kana kuri iko kwacho kwekupedzisira!”

<sup>30</sup> Ndakakasika kubva munogerwa musoro, ndokusangana nemudzimai wangu ainge akamirira mumugwagwa, tikapinda muchitoro chidiki chemishonga kuti tiwane makadhi madiki emifananidzo ekutumira kuvadikani vedu. Zvino tirimo imomo, mamwe manzwiro asingajairike, asinganzwisisike zvakanyanya ayo munhu angambonzwa, nyika yose yakatanga kuzunguzika. Mabhodhoro akatanga kudonha kubva pasherufu, machimbini akatanga kudonha kubva muchivakwa, uye mumugwagwa, vachingomhanya, vanhu vachizhambatata nokuchema purasta ichidonha kubva kumadziro. Uye zvivakwa zvikuru zvine uriri 30 ne 40, zvakazunguzika pamwe chete kusvikira hutsi kana kuti huruva hunobva musimende hwakapfumbuka mudenga sezihohwa rakakura. Zvino vanhu vakatanga kuzhambatata nekumhanya. Ndakati, “Ndiwo munwe waMwari Samasimba, uri kuti, ‘Chinyorwa chiri pamadziro.’”

<sup>31</sup> Jesu akati, “Pamunonzwa nezvokudengendeka kwenyika munzvimbo dzakasiyana-siyana.” Nyika yakatsemuka ichivhurika zasi kwemugwagwa mukuru kwemutunhu murefu, mafiti angaita 5, ndokudzika zasi-zasi mazana emafiti munyika. Imwe nzvimbo, mugwagwa mukuru wose wakawira mukati. Zvino ndakafunga paitsemuka pachivhurika, ndaitopotsa ndaona munwe waMwari Samasimba, uchiti, “Uye kuchava nekudengendeka kwenyika munzvimbo zhinji.”

<sup>32</sup> Zuva paraipfuurira mberi kudaro, kundengendeka kwenyika ka 8 kwakasiyana kwakazunguza guta iroro. Uye mabhawa edoro akaramba akazaruka, zvino zvidhakwa ndokuungana mumigwagwa. Uye vakadzi vaifamba mumigwagwa, vasina kusimira zvakakwana, nezvose sepasina chakanga chamboitika. Vanhu vakabatikana nezvepanyika nhasi zvekuti handizive kuti zvichatorei kuzunguza nyika ino. Vanongoita sevasina hany’n’a nazvo. Havacherechedze. Uye mumwe murume akatotaura chimwe chirevo, ndakatomunzwa neziso rangu chairu, akati, “Wandiona here zvandaita? Ndazunza chibhakera changu. Ndini supameni chaiye.”

Ini ndokufunga kuti, “Kumhura kwakadaro!”

<sup>33</sup> Handina kumbofunga nezvazvo zvakanyanya sekumhura sezvandakaita imo muno muguta redu chaimo, pandaibuda

nemugwagwa mukuru manheru adarika kuenda kuGeorgetown, paunoyambuka zvikamu kunze kuno usati wasvika pamugwagwa mukuru mutsva uri kuuya. Paiva nechiratidzo chikuru chakanamira kumusoro ikoko, uye chaiti icho, “Akamuka, ane Hupenyu.” Zvino chiratidzo chaitevera chacho, 2 izvozvo zviri zvega, chakati, “Pane doru reBudweiser, pane hupenyu.”

<sup>34</sup> Ndakafunga, “Kumhura chaiko!” Ndizvo chete zviripo pazviri. Uye Bhaibheri rakataura kuti, “Kuuya Kwechipiri kwaKristu kusati kwasvika, kuti vanhu vanofanira kuva vanomhura, vachifamba mukuchiva kwavo ivo kusina humwari, vaputsi vesungano nevanopomera nhema.” Kuti nyika yazova mukunyengedzwa chaiko!

<sup>35</sup> MuBombay, kuIndia, nguva pfupi yadarika apo Billy (mwanakomana wangu) neni takanga tiriko mumusungano mukuru uko makumi ezviuru emaHindu akapa hupenyu hwavo kuna Kristu, kwakauya yambiro huru. Uye ndinoda kuti mutarise hungwaru hwezvisikwa. Uye, kamwe-kamwe, nechimwe chikonzero chisingazivikanwe, shiri duku dzose muguta dzakatanga kuenda kumaruwa. Neshiri, mumapoka adzo, dzakabva dzichienda kumaruwa. Zvino vakatanga kucherechedza mombe dzose nemakwai nenzombe. Asi muIndia, mafenzi avo haana kufanana nemafenzi edu, haasi mafenzi emapuranga, mafenzi ematombo makuru akavakwa akakwirira. Zvino mombe dzose dzakatanga kubva pamadziro nekubva pazvivakwa, ndokuenda kunze kure pakati pemunda uye dzikatanga kufamba dzichitenderera-tendera pakati pemunda. Zvino, kamwe-kamwe, kundengendeka kwenyika kukuru kwakarova kukazunguza nekuwondomotsera madziro pasi, miti, matombo, zvinhu zvichibhururuka. Uye shiri hadzina kumbodzoka, nemombe dzakagara kunze mumunda, zvino vanhu vakapfuurira mberi chaiko vachifunga kuti zvanga zvakaringana. Uye zuva rakatevera, kamwe kudengendeka kwenyika kwakaitika, uye zvimweze zvivakwa zvikawondomoka nezvinhu zvikabhururuka. Nezuva rechi 3, mombe dzakadzokera kumasvingo uye shiri dzikadzokera kuguta.

<sup>36</sup> Oo, Uyo Anopa kadhimba kadiki chikafu, Uyo akaunza zvisikwa zvaKe zviduku muareka, achiri kurarama uye nekutonga. Uye zvinoratidza kuva nehuchenjeri hwakakura pamusoro paMwari kupfuura zvinoita munhu, uyo waVakasika mumufananidzo waVo; apo, munhu achimhura. Zvisikwa zviduku zvepanyika, Mwari vanozviriritira uye zvikafamba nzira yazvo zvichibva pamadziro makuru. Zvingadai zvakauryiwa, shiri dzingadai dzakapwanyirwa mumitswe yematombo paazunguzika.

<sup>37</sup> Zviratidzo zveKuuya kwaKe! Oo, izuva guru ratiri kurarama mariri zvino. Kundengendeka kwenyika munzvimbo zhinji,



denda, zvinhu zvose izvozvo zvakataurwa naJesu nezvazvo zvave pano. Nenzira yemaonero angu, handione chero chii zvacho chasara kunze kweKuuya kwaShe. Kwasvika.

<sup>38</sup> Jesu mu...zvakare mukutaura kwaKe kuvanhu vaKe, Akati, “Dzidzai mufananidzo wemuti wemuonde. Kana uchiri mutete uye wotanga kubuditsa mashizha, munoti zhizha rava pedyo. Zvino kana muchiona zvinhu izvi zvichitanga kuitika, zivai kuti nguva yava pedyo.”

<sup>39</sup> Cherechedzai kuti muti wemuonde waiva chii. Muti wemuonde wagara uri rudzi rwemaJudha. Akataura kuti kwete “muti wemuonde,” woga asi “nemimwe miti.” “Pamunoona muti wemuonde nemimwe miti yose ichibuditsa mabukira ayo.” Zvino, haAna kutaura nezvemuti wemuonde woga, asi *mimwe* miti.

<sup>40</sup> Zvino, ngatingocherechedzai pauri kubuditsa bukira rawo. Tararama munguva inoshamisa zvikuru mumakore mashoma apfuura. Chechi yeMarudzi yakava nerumwe rwerumutsiriro rukurusa rwayakambova narwo kubva paka...kubva pamazuva evaapostora; oo, zvino chechi yeMarudzi yakanga isina rumutsiriro ipapo, ichechi yemaJudha yakava nerumutsiriro. Asi chechi yeMarudzi, mumakore 10 kana 12 apfuura, yakava nerumutsiriro rukurusa munhorondo.

<sup>41</sup> Tiri kufunga nezverumutsiriro rwaMartin Luther, hongu, changamire, rwaiva rwukuru, asi rwaiva kuGermany kwoga. Tiri kufunga nezverumutsiriro rwaWesley rwaiva kuEngland, rwakapararira neche kuno, uye neZvitsuwa zvisihoma zvechiBritish, asi harwuna kumboita budiriro yakanyanya. Asi muzuva rino, rumutsiriro urwu rwuripo, rweMweya, zvirokwazvo rwakafukidza kubva kugungwa kuenda kugungwa risina magumo, pasi rose zvaro, kuburikidza neredhiyo huru nemagazini nevavhangeri vakabuda, vasina kutsigirwa nevanhu nemari, uye vakaunza rumutsiriro rwekuti makumi ezviuru zvakapetwa zviuru (zvemweya yevanhu) zvakaberekwa muHumambo hwaMwari.

<sup>42</sup> Mushumiro yangu isina kusimba yandakapihwa naShe, ndakaona mweya inodarika miriyoni ichiuya kuHumambo hwaMwari. Pafungei ipapo! Apo vamwe vane shumiro huru idzi, vanotaura paredhiyo, nezvimwe zvakadaro, kumamiriyoni. Kune moto werumutsiriro wakapfuta pachikomo chega-chega pasi rose, chaizvoizvo, kubvira ini...kubvira kuda makore 10 apfuura, kubvira ini...takatanga murumutsiriro urwu. Tiri panguva yekupedzisira.

<sup>43</sup> Zvino cherechedzai, zvino, izvi zvisati zvaitika, Akaporofita pano, ndokuti, “Masvingo eJerusarema achatsikwa-tsikwa pasi neMarudzi kusvikira mwaka weMarudzi wopera.” AnaMohammed vakaitora. Tinozvicherechedza izvozvo. Uye ndinoda kuti mutarise dambudziko manheru ano, kuti Ishmaeri

naIsaka vachakabatana pahuro zvakadii, paJerusarema chaipo kwakafanotaurwa kuti vaizovako. Uye makore mashoma apfuura makanga musina kana muJudha zvachose muJerusarema.

<sup>44</sup> Zvino, Jesu achitaura, “Pamunoona muti wemuonde wobuditsa bukira rawo.” Zvino, maJudha anga akapararira pasi rose, nhamba huru, mamiriyoni muGermany, nemuItaly, nemuUnited States, nepasi rose. Zvino Mwari, sezvaVakaita mumazuva ekutanga, vakaomesa moyo waFarao, Vakaomesa moyo waMussolini pamaJudha, uye maJudha akadzingwa kubva muItaly. Vakaomesa moyo waHitler, uye vakadzingwa kubva muGermany. Vakaomesa moyo waStalin, zvino vakadzingwa kubva muRussia.

<sup>45</sup> Uye manga muchicherechedza here pepanhau, kuti isu, veUnited States, tiri kutora mativi nemaArabhu? Oo, hama, chinyorwa chiri pamadziro! Mwari vakati, “Ani naani anoropafadza Israeri acharopafadzwa, uyo anotuka Israeri achatukwa.”

<sup>46</sup> Zvino, ndine mufananidzo uri kumba, kana kuti ndinotenda kuti wakakumbirwa panguva ino, wakanzi nevesainzi, *Maminitsi Matatu Kusvika Pakati Pehusiku*. Kana nyika yesainzi yakataura kuti “wachi yatenderera kusvika kwasara maminitsi 3 kusvika pakati pehusiku,” uye ndinofunga kuti vakaadzikisa zvino kusvika ingaita miniti 1 yasara kusvika pakati pehusiku, pavakawana hydrogen kana kuti oxygen, maatomu, nemamwe masimba makuru iwayo avanogona kushandisa, zvinogona kukonzera kuparadzwa zvachose mumaminitsi 5. Vanokwanisa, zvirokwazvo manheru ano, pakatoshaikwa munhu mumwe chete mupenyu munyika yose yeNorth America mumaminitsi 30. Uye zviru mumaoko chaiwo eboka revasingatendi vanotivenga. Uye, pamusoro pazvo, tine zvikepe nengarava zvakaiswa panzvimbo, zvose zvakaiswa kwese-kwese, kwese...nemuSiberia, uko kuHungary, nenzvimbo dzakasiyana-siyana, kwakagadzwa ngarava dzedu, dzakatakura mhando imwe chete yemabhomba ezvitundumuseremusere.

<sup>47</sup> Hama, nguva yapera kupfuura zvaunofunga! Sodhoma neGomora vaisaziva zvachose, kuti husiku ihwohwo, kuti vakanga vachirarama munguva yavo yekupedzisira. Egipita yaisaziva kuti ngirozi yerufu, yakanga yafanotaurwa kuti ichauya, yaizouya husiku ihwohwo. Pearl Harbor haina kucherechedzawo kupambwa kuya kwakaitika. Takayerwa muchikero uye tikawanikwa tisina kukwana! Tava pedyo nenguva yekuguma!

<sup>48</sup> Chii chaizoitika kana...? Ivo, muMoscow chaimo, vaigona kutungamirira zvombo zvezvitundumuseremusere, zvinotungamirwa nenyeredzi uye neradha, zvogona kumharisa

bhomba iroro chaipo pana Fourth Street muLouisville kana vachida havo. Ndizvozvo chaizvo. Uye tinogona kumira kunze uko mugungwa pane imwe nzvimbo, muzvikepe zvedu, uye totumira chimwe chakananga chaipo paguta guru reMoscow kana tichida hedu. Chii chingaitika, hama yangu, kana ichi chombo chechitundumuseremusere chikuru chazoitika uye nyika ino inowana kuzunzwa, panguva imwe chete taizotupfunura zvinhu zvimwe chetezvo uye tozvizunzira kune rimwe divi? Uyewo tiri kugara pagoko diki, rakadupika, diki-diki, rakatetepa, zvisinei, apo kundengendeka kwenyika kwaidya nekuidya kumativi ose kusvikira yaita sekubuditsa zvemukati mezai. Kana ikava nekuputika kukuru kumwe chete zvino matombo akanyungudika aya akapamhama mamaira 8,000 anobvajukira mudenga, zvoita chaizvo zvakataurwa naMwari kuti zvaizoitika.

<sup>49</sup> Tiri munguva yekupedzisira, tave pano. Hapana nzira yekuzvimisa nayo. Kupemha kwese... Tinogona kuisa mumwe Eisenhower mudunhu rega-rega, zvino hazvigone kuzvimisa. Jesu Kristu akati nguva idzi dzichauya, tasvika. Muti wemuonde uri kubuditsa bukira rawo.

<sup>50</sup> Mumufananidzo uyu, zasi-zasi kuIran, makaverenga mumagazini re*Look*, kuti vakatora ndege huru idzi ndokudzika zasi ikoko ndokuzadza ndege nemaJudha aya. Zviuru zvavo, vanga vari zasi ikoko kubva pakutapwa vachienda kuBhabhironi, vanga varimo kwemakore 2,500, uye vakanga vasiyiwa zasi ikoko. Vakanga vachirima nemidziyo yekare yemapuranga. Hapana chavakaziva nezvaJesu zvokunge atombori panyika. Hapana chavaiziva nezvechimwe chinhu kunze kwetsika dzavo dzekare dzechJudha, tsika dzavakanga vararama nadzo. Zvino ndege idzi padzakamhara, ndokutanga kutakura maJudha aya, kuvadzoserwa kunyika yekumusha kwavo...

<sup>51</sup> Muporofita akaporofita, makore mazana 28 kana 30 akapfuura, ndokuti, "Pavanobuda muhutatpwa ihwohwo, Mwari vachavaunza vari pamapapiro ezvapungu." Muporofita akaona ndege ichiuya, akadziona dzichimhara pasi, uye dzichivatakura nekuvadzoserwa kunyika yekumusha. Haana kuziva kuti oidaidza kuti chii, akango... Yairatidzika sechapungu kwaari, saka akati, "Vachadzoserwa vari pamapapiro ezvapungu."

<sup>52</sup> Uye pavakaburuka mundege, nevadiki vachibatsira vakuru, vakabvunzwa. Zvino vakati, "Madzoka kunyika yekumusha kuzofa here?"

Vakati, "Kwete. Tadzoka kuzoona Mesiya!"

<sup>53</sup> Oo, ngarava huru kubva pasi rese, mumakore mashoma apfuura, dzakapinda muJerusarema nemaJudha vakwegura, vaduku nevakuru, vakapfeka nguwo dzavo, vachibva kumabvazuva, kubva kumadokero. Zvino wakarembere

pamusoro peguta reJerusarema inyeredzi iya yekare yaDhavhidhi ine makona 6, mureza wekaresa pasi rose, hausati wasimudzwa kwemakore 2,500, yava kunzi inyika manheru ano. Muti wemuonde uri kubuditsa mabukira awo.

Jerusarema riri kukura, Jehovha vari  
kudzoreredza,  
Zviratidzo zvakafanotaurwa nevaporofita;  
Mazuva eMarudzi ave kupera, azere nekutyisa;  
“Dzokai, O vakapararira, kwenyu.”

Nekuti zuva rerudzikinuro rava pedyo,  
Moyo yevanhu yokundika nekutya;  
Ivai makazadzwa neMweya waMwari, mwenje  
yenyu yakagadziriswa uye yakajeka,  
Tarisai kudenga! Rudzikinuro rwenyu rwava  
pedyo.

<sup>54</sup> Nguva yapera kupfuura zvatino funga. Hatiuye kuchechi kuzogara pachigaro, hatiuye kuchechi kuzonzwa mharidzo yakanaka, kana kuuya kuchechi kuzonzwa nziyo dzakanaka. Zvese zvine nzvimbo yazvo, asi icho chiri nani chatingauire kuchechi kuti tiite kuzoviongorora naMwari neruponeso rwemweya yedu, nekuti Zuva rerudzikinuro rava pedyo.

<sup>55</sup> Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, akafananidza izvi (Akati) kune mumwe mudzimai. Uye muchidzidzo chedu manheru ano, tinoona mudzimai uyu, murume wake ainge afamba, uye akanga arasa rimwe remadhirakema kubva pachishongo chake. Zvino ndichaedza kuzvitsanangura izvozvo.

<sup>56</sup> Nhasi, kana mudzimai akaroorwa, anofanira kupfeka rin’i yemuchato sechiratidzo chekuti akaroorwa. Kudzivisa vamwe varume kuti vasawane chekuita naye. Vakatarisa zvino vanoona kuti mudzimai akaroorwa.

<sup>57</sup> Mumazuva iwayo, vakanga vasina rin’i dzemuchato, vaiva nechishongo (vanochidana kuti “chishongo”) chavaipfeka mumusoro mavo. Chakanga chine madhirakema 10, uye chaitenderera musoro wavo. Uye chaiva chiratidzo chekuti vaive mudzimai akaroorwa, uye hapana murume afanirwa kutamba navo, hapana vakomana vaifanirwa kuvapfimba. Vainge vakaroorwa.

<sup>58</sup> Rimwe nerimwe remadhirakema iwayo. . . Dai bedzi tanga tine nguva (asi handina, ndichaedza kuchengeta shoko rangu nepedyosa pandinogona), ndaigona kukuudzai kuti rimwe nerimwe remadhirakema iwayo rairevei. Rainge rakaiswa imomo, uye dhirakema rimwe nerimwe raireva humwe hunhu hwemudzimai iyeye. Rekutanga, richireva rudo rwake kumurume wake. Rechipiri, chitsidzo chake chekuzvibata kumuraramira zvakachena. Uye rechi 3 nerechi 4 nerechi 5, kuenda kusvika kune rechi 9 nerechi 10 racho.

<sup>59</sup> Kana muchida kuzviona, tarisai muna VaGaratia 5. Muchaona kuti mudzimai iyeye aimiririra Chechi, uye Chechi Mudzimai akatsidzirana naKristu. Uye chishongo chinofanirwa kupfekwa neChechi chinowanikwa muna VaGaratia 5, runova rudo, mufaro, rugare, moyo murefu, runako, hunyoro, kupfava, kutsungirira. Ndicho chishongo chinofanirwa kupfekwa muChechi, rudo kuhama, mutsa, kuwadzana.

Zvino mudzimai uyu, apo iro...Kunofanirwa kunge kwakanga kwosviba ndipo paakacherechedza kuti akanga arasikirwa nerimwe remadhirakema iwayo.

<sup>60</sup> Oo, kana pakambova nenguva apo chechi inofanira kuzviongorora kuona kana wakapfeka madhirakema ese, inofanirwa kunge iri iko zvino. Kwava kuita rima. Iko—iko kuvepo chaiko nemakore ebudiro inopadza akaremba pamusoro penyika, chivi nehupi zviri kwese-kwese. Tiri kurarama munguva huru kwazvo, pakuine huipi, vanhu vanongoenda kuchechi zvekungonyebedzera, vanhu vanoenda kuchechi kuedza kuvanza huipi hwavo, vanhu vanoenda kuchechi uye vachizviti Makristu asi vachirarama sevamwe vose munyika, vachinwa, vachiputa, vachibheja; vakadzi vakapfeka zvounzenza, vakapfeka hanzu dzavasingatofanirwa kupfeka vari mu—mukamuri yavo chaiyo yekusimira, kunze mumigwagwa pamberi peruzhinji. Uye rudo kuhama chinhu chiri kutopera, potse. Isu hatina kurasikirwa nedhirakema *rimwe*, asi takatorasa chaizvoizvo *ose* zvawo.

<sup>61</sup> Zvino husiku hwakanga hwaswedera, uye, rangarirai, murume wake aizodzoka. Zvino kana akamuwana rimwe remadhirakema iwayo risipo, zvaizoratidza kuti anenge aiswa mucherechedzo wekuti “chipfeve.”

<sup>62</sup> Zvino kana achinge azvidza, kana kuti, azvisvibisa neimwe nzira uye zvoonekwa nevanhu, vaimuunza mberi kwemuprisita uye vounza zvapupu zvekuti awanikwa akadaro, zvino muprisita akaona kuti mudzimai akaroorwa, anotora dhirakema (kubva pachishongo chake) rinoenderana nechaakanganisa chacho. Kana achinge—achinge akanganisa hunhu hwake, vaibvisa iroro racho. Kana ainge achitamba nevarume, achiratidza kuti akanga asina kutendeka kumurume wake, vaibvisa iroro. Chero zvazvaiva, vairibvisa. Zvino murume wake paanodzoka, aiona kuti mudzimai aiswa mucherechedzo, zvino aibva amuramba pakare ipapo uye orega kuwana chekuita nemukadzi akadaro. Akange asingadi mukadzi akadaro.

Saka kwainge kwava kunosviba paakacherechedza kuti akanga arasikirwa nechimwe chinhu, nguva yekuti murume wake auye, uye nguva iri kutopera.

<sup>63</sup> Zviri nani kuti chechi inge ichizviongorora neShoko raMwari, kuchena kwedu, kuvimbika kwedu, kuzvipira kwedu. Tava vanhu vemakuhwa, vanofambisa tunyaya, vanoputa

fodya, vanonyeya vamwe, vanaJezebheri vakapendwa kumeso, zvese zviri mukarenda rezvinoitwa nevamwe vese vemunyika, chechi yeChikristu iri kuzvibatanidza muzvinhu izvozvo nhasi kusvikira hautogone kusiyanisa imwe kubva kune imwe. Yasvika nguva yekuti tizviongorore. Nguva iri kutopera.

<sup>64</sup> Zvino, kuitira kuti . . . kwakanga kwadoka chaizvo zvokuti akatozobatidza kenduru. Zvino akatora kenduru. Haana kungotora kenduru chete, asi akatora mutsvairo ndokutanga kuchenesa mumba.

<sup>65</sup> Oo, hama! Kana pakambodiwa nguva yekubatidzwa kwekenduru, kutumira Chiedza cheVhangeri, Mweya Mutsvene uchidzokera muchechi . . . Kwete kunyanya zvemanyawi, kwete zvezvimwewo zvinonakidza, kwete zvimwe zvokumutsa manyawi, kwete zvekusvetuka nemufaro, asi zvechiitiko chekuongorora moyo apo varume nevakadzi vanogadzirisana naMwari. Ndizvozvo. Tava panguva yekupedzisira.

<sup>66</sup> Zvino akatungidza kenduru, kuti rimupe chiedza. Uye, hama, kenduru rose diki riri muno rinofanira kubatidzwa manheru ano. Kwete izvozvo chete, asi akatora mutsvairo, uye vavakidzani vaigona kuona guruva richipfumbuka. Akava nenguva chaiyo yekuchenesa mumba, nekuti murume wake akanga ava kuda kuuya. Uye kana akamubata aine dhirakema rimwe chete iroro risipo, aive “chipfeve.”

<sup>67</sup> Hama, isu Chechi yaMwari mupenyu, munguva dzino huru dzatiri kurarama zvino, zvakatifanira kuti tiongorore, toenda pamberi paMwari, tobatidza kenduru reShoko reVhangeri, uye tozviongorora uye toona kana tisiri kukundika, uye kunyanya patinoona zvinhu zvose izvi zvichiuya. Tave panguva yekupedzisira, Kuuya kwaKristu kwaswederwa. Hakuna imwe tariro munyika kuChechi.

<sup>68</sup> Uye, tarisai, chechi yakatozorora zvayo. Chechi haichina hana inorova zvachose. Unototadza kutovatirimutsa. Bhaibheri rakati vaizouya vari muchinhano ichocho pavanozoti, “‘Tarirai, Tenzi wedu anonoka paKuuya kwaKe.’ Uye vachange vachidyanana nekurumana, nezvimwe zvakadaro, uye vachirwisana.” Ndiyo nguva yacho iyoyo chaiyo. Zvinhu zvese zvagadzirira. Mapeji avhurwa, sezvazvaiva saizvozvo, uye kwagadzirira, Kuuya kwaShe.

<sup>69</sup> Chechi yechiLutherani yakarasikirwa nechiedza chayo. Chechi yechiMethodisti yakarasikirwa nechiedza chayo. Chechi yechiBaptisti yakarasikirwa nechiedza chayo. Chechi yePentekosti yakarasikirwa nechiedza chayo. Chiedza chese chinotaridzika kuti hachisisipo.

<sup>70</sup> Vanhu vePentekosti, vanhu veHoliness, vari kuita chaizvo seMethodisti. MuMethodisti ari kuita semuBaptisti. MuBaptisti ari kuita semuLutherani. MuLutherani ari kuita semuKatorike. Uye zvose zvadzokera kumubatanidzwa mukuru-kuru wechivi.

Ndizvozvo chaizvo. Tiri munguva yekupedzisira, Kuuya kwaShe.

<sup>71</sup> Zvino, akava nenguva yekuchenesa imba. Akakwesa pasi, akatsvaira madziro, akadonhedzera matandadzi pasi, akaramba achidaro kusvikira awana chaakanga arasikirwa nacho. Zvino, paakadaro, akadaidza vanin'ina vake machechi kuti vaue zvino.

<sup>72</sup> Handina basa kana uri muMethodisti, muBaptisti, muPentekosti, muPresbyteriani, huyai, ngatipemberei pamwe chete. Kana nguva iyoyo yasvika, kana chechi yawana rudo rwayo kuhama, kana chechi yawana hunhu hwayo hutsvene, kana chechi yawana nzvimbo yayo muna Kristu, inodaidza dzimwe nhengo dzemutumbi kuti, “Huyai mupembere nesu.” Mwari vanoda kuti chechi igoVada.

<sup>73</sup> Ndinotenda kuti iSvondo mangwanani pandaitaura pamusoro pehunhu hwemudzimai, kuti iropafadzo rakadii, ndiyaniko angawana chinhu chinotapira zvingadarika pane kudzoka kumba wakaneta, apo Mwari vakapa murume mudzimai. Mudzimai nemurume havapatsanuke, vamwe chete. Mukusika, Mwari vakavasika kutanga vari 2 pamwe chete, uye ivo moyo mumwe, mweya, pfungwa, nezvose. PaVakasika munhu muguruva renyika, Vakamupatsanura kubva kumudzimai wake. PaVakasika Evha, haVana kuenda kunogadzira mu—mudzimai, kunotoro *rimwe* ivhu, asi Vakatora kubva parutivi rwaAdhamu mbabvu ndokugadzira mudzimai wake. Akati, “Ibvupa repfupa rangu, nyama yenyama yangu.” Vakanga vari mumwe mumoyo, mweya, nemutumbi.

<sup>74</sup> Mufananidzo waKristu. Mwari havana kutora Chechi yaKristu kubva pachitendwa, haVana kana kultorawo kubva musangano. VakaItora kubva mumoyo waKristu, pfumo raive parutivi rwaKe, kubudikidza neRopa.

<sup>75</sup> Hama yangu, hanzvadzi, handina basa kuti unonamata zvakadii, kana usina kufukidzwa neRopa, wakarasika. Tichapinda mazviri, kuswera mangwana manheru, toratidza kukosha kwazvo. Asi wakarasika usina Ropa.

Zvino, ipapo paAkagadzira mudzimai iyeye, akanga ari shamwari. Chaive chimwe chinhu chekuti ade, chaiva chikamu chake.

<sup>76</sup> Zvino nyatsoteererai. Murume kana mukadzi haaende Kudenga kunze kwekunge vakazvarwa patsva. Handireve nekuti wakataura nendimi, handireve nekuti wakadanidzira, Handireve nekuti wakatamba, handireve nekuti wakaenda kuchechi uye ukava anogara achiendako, kupfeka mabhatani kuratidza kutendeka kwako; zvinhu izvozvo zvakanaka, asi haZvisizvo. Panofanira kuva nekubatana kwakazara pakati pako naKristu, kusvikira mava mumwe. Muri mumwe! Uye kana musiri, sei . . . ?

<sup>77</sup> Ungafungidzira here uchipinda husiku, wakaneta, wakarukutika, wakaperezeka? Kana uri murimi, makanika, muparidzi, chero zvaungava, wopinda, kana wapinda muimba yako diki, uri kushuvira kusvika wasvikako. Unovhura gonhi uye mudzimai wako mudiki anotapira akamira ipapo, okukwazisa. Akazvishongedza zvakanaka uye akachena. Anofamba achiuyako okutsvoda padama, oti, “Baba, makaneta.” Anokugadzika pachigaro, ozvigadzika pamakumbo ako, okumbundira nemaoko ake uye okubhabhadzira. Zvinongoita sekuti ipapo hauna kuneta, pane chinhu chinokuvandudza. Ndechimwe chinhu chawakapihwa naMwari nekuda kwechinangwa ichocho. Chikamu chako, zvino, kana ari mudzimai wechokwadi.

<sup>78</sup> Asi ko kana miromo iyoyo yatsvoda mumwe murume zuva iroro kana kuti imwewo nguva? Ko kana iwe uri kuzviziva izvozvo? Ko kana maoko iwayo ambombundira mumwe murume? Mudzimai uyu zvirokwazvo chinyangadzo pamakumbo ako. Kutsvoda ikoko kunopisa sekutsvoda kwaJudhasi. Maoko iwayo, ungatoda kuti asakumbundira. Oo, angange akatsvinda, vhudzi rake rinogona kunge rakamonana zvakanaka, maziso ake anogona kunge ari ebhurauni, matama ake anogona kunge akatsvukira, rokwe rake diki rinogona kunge rakaainwa, anogona kunge akanaka kwazvo, asi kana ruremekedzo irworwo rwemazvirokwazvo rwechokwadi rwehumwari nerudo nechivimbo zvisipo, zvingava nani kuti abve hake asave pamakumbo ako. Haudi kuwana chekuita naye, iye ari—iye atori musengwa chaiwo kwauri. Handina basa kuti anozvinatsa zvakadii, achakaipa ksvikira aonekwa kuva mudiwa chaiye, wechokwadi, asingade mumwe munhu kunze kwako, asingatsvode mumwe kubva pamiromo yake kunze kweyako, hapana mamwe maoko anofanira kumubata kunze kweako, uye unozviziva. Manzwiwo akadini, inyaradzo yakadini!

<sup>79</sup> Ndivo murume nemudzimai avo, unova mufananidzo waKristu neChechi yaKe. Uye paunoenda kuchechi kwenyu, munogona kunge muine zvigaro zvakanakisisa muguta, munogona kunge muine chiruvi chakarebesesa chiripo muguta, munogona kunge muine ogani yepombi yakanakisa, munogona kupfeka zvakanakisa, iwe ungaimbe sekashiri, asi zvese izvozvo, kana uchitsvodana nekutamba-tamba nenyika, kutsvoda ikoko pamatama aKristu kutsvoda kwaJudhasi. Haadi kuwana chekuita newe. Anotarisa rin’i yako yekutsidzirana uye Owana chishongo chabviswa, Anowana rudo rwaenda. Chimiro, Anowana kuvimbika kwaenda. Wakaita upombwe nenyika. Unoenda kumadhanzi nemapati eboogie-woogie, uye wona zvirongwa zvepaterevhizheni zvakare zvakasviba. Uri kuita upombwe naKristu, paAri, uchiMudana kuti Murume wako.

<sup>80</sup> Bhaibheri rakati, “Unoti, ‘ndakapfuma, handishaiwe



chinhu.” Asi iYe akati, “Hauzivi kuti hauna kusimira, wakasuwa, uri bofu, uri murombo, uye hauzvizive.” Yasvika nguva yekuti tibatidze kenduru nekutsvaira mumba. Kuuya kwaShe kwave pedyo.

Ngatifungisisei nezvazvo kwemaminitsi mashoma chete tichikotamisa misoro yedu. Mungadaro here? Mungaendawo here papiyano, hanzvadzi?

<sup>81</sup> Manga muchiiteiko, nhai chechi? Zvinhanu zvenyu zvakamira sei manheru ano? Ruoko rwako parwunosimudzwa mukunamata kwako, pane here chinokupa mhosva? Kana uri kutamba-tamba nenyika, kana uchiita zvinhu zvisina kunaka, kutsvoda kwako. . .

<sup>82</sup> Funga nezvazvo, murume. Changamire, ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Uye izvi zvinoendawo kuna Muzvare, zvakare, naAmai Mudzimai Wechidiki, ungafungei nezvemukomana wako, kana uchiziva kuti wakamuona kunze achitsvodana uye achifambidzana nevamwe vasikana, uye wakatsidzirana naye, zvino ouya okubhabhadzira paruoko, uye oti, “Mudiwa, ndinokuda iwe woga”?

Waizoti, “Iwe kamunyengeri, ibva pamberi pemaziso angu!”

<sup>83</sup> Waizodii. . .? Zvifungei, Changamire. Hatina chete kungotsidzirana, asi takachata. Chechi yakaroorwa naKristu. Tiri Mudzimai waKristu, tichibereka vana. Ungada sei kuuya kumba husiku, nekuzvipira kwako kumudzimai wako, uye ane boka revana vaduku, uye wozonea nezuva iroro. . .? Zvino paanopinda, oo, nzara dzake dzinogona kunge dzakapendwa (ndiko kuti, kana muri vemunyika). Unokwanisa. . . Anogona kutaridzika zvakaisvonaka kwazvo, asi unoziva. Funga nezvazvo, hama, kana mukadzi iyeye anga achitsvoda vamwe varume. Kana maoko iwayo akakumbundira, achikuudza kuti anokuda, uye iwe uchiziva kuti ndiwo. . . kuti akadawo vamwe zvakare, rudo rwake harwusi rwechokwadi. Rudo rwake harwusi rwechokwadi. Harwusi rwako, nderwevamwewo zvakare. Kana uri murume chaiye, unomunakura kubva pamakumbo ako. Funga kuti aizova manzwiwo akadii iwayo. Fungai nezvazvo, amai, kana murume wenyu akauya kumba. Kwete izvozvo chete, asi akatakurana nezvirwere zvemabasa ehunzenza.

<sup>84</sup> Uye, oo, zvinosiririsa veduwee, chechi yakadyiwa nezvirwere zvehupfeve hwepamweya, zveamarudzi ose ezvitevedzwa nezvimwe zvose. Zvakashata! Mwari, tinzwireiwo tsitsi! Jesu ari kuuya, vashamwari. Hausi kuzova nenguva pane humwe hwehusiku, kana rimwe remazuva ano. Zviri nani utozviongorora zvino.

Ngatinamatei:

<sup>85</sup> Vangani venyu vanoti, “Hama Branham,” nemisoro yenyu yakakotamiswa, maoko enyu akasimudzwa, “ndirangarireiwo mumunamato wenyu, Hama Branham. Ndinouya manheru

ano, handina kuuya pano kuti ndingoonekwa”? Mwari vakuropafadzei. Ingotarisai maoko. “Handina kuuya pano kuti ndioneke, ndauya kuzoona chimwe chinhu. Uye ndinotenda kuti Mwari vataura kumoyo wangu pamanga muchiparidza, uye ndinocherechedza kuti ndiri kukanganisa. Ndi—ndinoda kuva Mukristu chaiye, wechokwadi. Ndinoda kuva mudiwa chaiye, zvekuti pandinoenda kuna She vangu ndopfugama nemabvi angu, ndinoda kuti Vandimbundire mumaoko aVo, voti, ‘Oo, mudiwa waNgu!’”

<sup>86</sup> Munorangarira Soromoni, matauriro aakaita nezvazvo? Akati, “Huya, mudiwa wangu, ngatifambe nemumatamba, Ngatifambe nemubindu rezvinonhuhwira.” Paakataura achiti miromo yake yakaita semabukira eruva, nezvimwe zvakadaro. Madiro aaiita mudzimai wake mudiki, akati, “Huya, tiende tiwane kugutswa nerudo.”

<sup>87</sup> Paunodzika kuartari yako kunonamata, moyo wako wakatendeseka here uye mweya wako hauna kusvibiswa zvekuti unoti, “Ishe Mwari, ngatitorei rudo rwedu,” uye iwe unoti, “Hongu, Mudiwa wangu, ndinoKudai”? Kana kuti, wanga uchiita hupombwe here? Wanga uchitamba zvisina hunhu nenyika here?

<sup>88</sup> Uye nguva yaShe yaswederwa apo zviratidzo izvi zvose nezvishamiso, nemakumi ezviuru zvezvimwe zvinhu zvakaitika, zviri kunongedza, chiratidzo chega-chega chiri kunongedzera. Kunze kwava kusviba. Muchechi mune kutonhora. Rumutsiriro rwunoita serwpera. Chikamu chekupedzisira chava kuda kupera. Zvino pano tinozviona tiri muhupombwe. Chii chaAchaita? Achatisunda kubva pamakumbo aKe, zvino oti, “Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama.”

<sup>89</sup> Zvino, kana paine mumwe munhu pano anoda kurangarirwa zvakare, ndinogona kukumbira panguva ino, simudza maoko ako kuna Mwari, uti, “Ini zvino ndinozvipira uye ndinoti, nenyasha dzaMwari, kubva manheru ano zvichienda mberi ndichararama hupenyu hwechokwadi nerubatsiro rwaMwari.” Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Uye imi hama, imi hanzvadzi, iwe mudzimai wechidiki, imi changamire, imi hama, imi neche apa, zasi uko, newe mujaya.

<sup>90</sup> Pane munhu here pano asina kumbobvira akaponeswa, uye achiti, “Hama Branham, ndirangarireiwo, handina kumbobvira ndakazvarwa patsva. Ndinoziva kuti handina”? Teererei, hauna kuponeswa kusvikira waberekwa patsva, wangotendeutsira chiso chako kune chimwe Chinhu; asi kana wagamuchira Kristu wazvarwa patsva. Unoti, “Hama Branham, handina kumbobvira ndakaZvigamuchira. Ndinoziva kuti ndakakanganisa. Ini zvino ndinosimudza maoko angu, ndoti, ‘Mundirangarirewo, zvakare.’ Handina kumbobvira ndakaponeswa. Handisati ndambo—ndamboedza kana kushumira Kristu, asi ndinoda

kuzviedza. Ndinamatireiwo, Hama Branham.” Ungasimudza ruoko rwako here, mumwe munhu ari muno zvino? Pane munhu 1 here ari muno asina kumbova Mukristu, ungade here kusimudza ruoko rwako, iti, “Ndirangarireiwo, hama, mumunamato”? Mwari vakuropafadze, mwanakomana. Mumwe munhu iti, “Ndirangarireiwo hama”? Mwari vakuropafadzei, amai. Mumwewo munhu zvakare, “Ndirangarirewo, hama, ndinoda zvino kutenda muna Ishe Jesu uye nekuVagamuchira seMuponesi wangu”? Mwari vakuropafadzei, hama. Zvakanaka izvozvo.

<sup>91</sup> Mumwe munhu akanditsoropodza rimwe zuva, achiti, “Hama Branham, sei muchiti, ‘Simudza ruoko rwako’?” Teererai, hapana munhu anotenda mukudanira kuartari kudarika zvandinoina ini. Ndinotenda mukuuya kuartari, zvakanaka, asi izvozvo hazvikuponese. Maonero ako, sarudzo yako yaKristu. Unoti, “Asika, kana ndikafamba ndichienda kuartari.” Izvozvo zvakanaka. Asi, hama, munocherechedza here kuti paunosimudza ruoko rwako unotyora mutemo wese wesainzi uripo? Ruoko rwako, pamasikirwo, nesimba rinodhonzera pasi, rwunofanira kurembera pasi. Kana ukasimudza ruoko rwako zvinoratidza kuti pane munhu weMweya mauri anokwanisa kutyora mitemo yemasikirwo, kuti usimudzire ruoko rwako kuMusiki wako, Chimwe chinhu mumoyo mako chaita sarudzo. Mwari vanokuona uchisimudza maoko ako zvakangofanana nekunge Vachikuona uri paartari. Ndizvozvo chaizvo. Kana uchirevesa, Mwari vanorevesawo zvakare. Asi tarisa, shamwari, haugone kuva pakati nepakati, unofanira kurevesa pazviri.

Zvino ngatinamatei:

<sup>92</sup> Baba Vekudenga Vakaropafadzwa, manheru ano pakutanga kwerumutsiriro urwu, apo nguva yedu yaenda zvino, uye dzati fambei zvishoma, ndinoKukumbirai kuti muve netsitsi kuvanhu ava. Uye itai, Mwari Samasimba, kuti. . .Pano manheru ano maoko angangoita 20 asimudzwa muchivakwa chino, kuti vari kuda Kristu. O Mwari, mweya yavo. Iwo Mweya, iwo Mafuta, ava kutopera. Hapazovi nemamwe akawanda. Kana donhwe rekupedzisira rabuda mubhakeri, kana muchinu, hapazova nemamwe Mafuta achaiswazve mumarambi. Vanocherechedza kuti vari muzuva rekupedzisira. Hapana tariro panyika kwatiri kunze kwaKristu. Ndinonamata manheru ano, Ishe, kuti neimwe nzira, mukurevesa kwenguva ino, kurevesa, kwekuti zvino Muchatumira Mweya Mutsvene waita kuti vasimudze maoko avo, uye ugovaponesa kubva kuhupenyu hwechivi. Zviiteiwo, Baba.

<sup>93</sup> Uye dai musangano uyu usati wapera, dai pakava nemadhazeni chaiwo avo, vazhinji vachidanidzira neMweya Mutsvene. Dai iri, dziva rekubhabhatidzira, rangova rekuti mumwe mushure memumwe anobhabhatidzwa muZita rinokosha raIshe wedu Jesu Kristu, mangwanani eEsta,

vachimuka kuhupenyu hutsva. O Baba voKusingaperi Vakaropafadzwa, ndinonamata kuti Muvaropafadze. Zviitei, Ishe. Uye zvino, panguva ino chaiyo, dai sarudzo yavo ikava yechokwadi, dai vakaKugamuchirai ipapo chaipo pavagere. Artari dzedu nekwese-kwese dzakazara nevanhu, uye tinonamata kuti Muchaita kuti vanhu ava manheru ano vave varanda veNyū. MuZita raKristu.

<sup>94</sup> Takakotamisa misoro yedu, ndinoda kukubvunzai mubvunzo 1 mukurevesa. Iwe wasimudza ruoko rwako uye newe wanga uchinamata, ndinoziva kuti hauna kusimudza ruoko rwako kuti ungoona ruoko rwako rwuchisimuka. Warisimudza nekuti Pane chimwe Chinhu chakuudza kuti udaro. Uye munoti, neruoko rwakasimudzwa, “Hama Branham, ndinotenda, pamberi paMwari neboka rino, ndinotenda kuti pane chimwe chinhu chaitika mumoyo mangu manheru ano, kuti kubva manheru ano zvichienda mberi ndichava munhu akasiyana.” Ungasimudza ruoko rwako here, iwe wasimudza ruoko rwako, iti, “Ndinotenda”? Mwari vakuropafadzei, amai. Mwari vakuropafadzei, imi, imi, imi. Zvakaisvonaka. Kumashure-shure chaiko, hongu, Ishe vakuropafadzei.

<sup>95</sup> Mumwezve simudza ruoko rwako, uti, “Ndinotenda iye zvino”? Mwari vakuropafadzei, hama. “Ishe vari kundiudza manheru ano . . .” Mwari vakuropafadzei, amai kumashure uko. Mwari vakuropafadze, mudzimai wechidiki neche apa. “Ishe vari kundiudza izvozvi kuti chimwe chinhu chaitika mumoyo mangu, uye ndinotenda kuti ndichava nemufaro wakawanda kubva murumutsiriro urwu kupfuura wandakambova nawo mhupenyu hwangu.” Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka, Mwari vakuropafadzei, amai vagere apa. Ndafunga kuti yanga yava nguva yekuti musimudzewo ruoko rwenyu, zvakare. Pane mumwe here, ari kuti, “Ndiri kunzwa zvakasiyana, Hama Branham, ndinotenda kuti ndiri kubuda muchechi ino manheru ano nekuziva nezve kuuya kwaKristu nenguva isipi. Ndiri kubuda muno kuti ndinorarama hupenyu hwakasiyana. Ndichava Mukristu, nenyasha dzaMwari. Ndinotenda kuti Mwari vandidana”?

<sup>96</sup> Uye kana Vakudana, uri waVo. Rega zvekutamba kusina hunhu, rega kutamba kusina hunhu nenyika! Huya, Muraramire zvino. Iti, “Ndichatendeuka pazvivi zvangu zvose, uye zvino ndava kutora Kristu seMuponesi wangu.” Pangava nemumwe here tisati tavhara? Aripo here? Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka izvozvo. Ndinofara kwazvo kukuonai muchiita izvozvo. Zvakanaka.

<sup>97</sup> Kutanga kwehusiku zvino, kwakangoti zvisihoma . . . isu hatingodi kuisa kumanikidzira kwakanyanya pakuri, tinoda kukurumidza kubuda kuti mugone kudzoka mangwana manheru.

<sup>98</sup> Tisati tavhara, pane munhu anorwara here ungasimudza ruoko rwako, woti, “Ndinamatireiwo, Hama Branham”? Zvakanaka, maoko 5, 6, 7, 8, 9, 10, 11, 12, zvakanaka, 13 zvino, 14, zvakanaka, 15.

Ngatikotamei zvino:

<sup>99</sup> Baba veKudenga Vakaropafadzwa, Maona maoko ayo. Uye, oo, vari pano nechinangwa. Pamwe Makristu, asi vanoda rubatsiro rweNyu rwukuru. Uye tinocherechedza, Ishe, kuti Makachema kubudikidza naDhavhidhi, akati, “Regai kukanganwa makomborero aKe ose Uyo anoregerera kusarurama kwedu kwese, Anopodza hurwere hwedu hwose.” Ndinonamata kuti Ropa raKristu rigare zvakanaka pavari uye vagopodzwa, kuti vaitirwe zvakanaka nemusangano uri kuuya uyu. Zviiteiwo, Ishe. Kuburikidza neZita raKristu tinozvikumbara. Amen.

Ngatisimukei zvino, *Tora Zita raJesu Pamwe Newe*:

. . . Zita raJesu pamwe newe,  
Mwana . . .

Ngatitendeukei, kwazisana maoko nemumwe munhu ari pauri. Nyatsotendeukai chaizvo, kwazisanai maoko.

Richakupa mufaro nekunyaradzwa,  
Oo, Ritore kwese kwaunoenda.

Zita Rinokosha, (Zita Rinokosha) (O rinotapira sei!)

Tariro yenyika nemufaro weDenga;

Zita rinokosha, (Zita Rinokosha) O rinotapira sei!

Tariro yenyika nemufaro weDenga.

Zvino ngatiimbei chinyararire, takatarisa uku, tiimbe zvinyoronyoro:

PaZita raJesu tichigwadama,  
Tichiwa tozvambarara patsoka dzaKe,  
Mambo wamadzimambo Kudenga  
tichaMugadza korona,  
Oo, kana rwendo rwedu rwapera.

Zita rinokosha, (Riopafadzwe.) O rinotapira sei!

Tariro yenyika nemufaro weDenga;


Zita rinokosha, (Zita rinokosha!) O rinotapira sei!

Tariro yenyika nemufaro weDenga.

<sup>100</sup> Zvino nguva dzadarika zvishoma pana 9, maminiti angaita 7 kana 8 tapfuura 9. Nekukurumidza, munogona kusvika kumba, modzoka mangwana manheru uye tichanakidzwa nemaropafadzo aMwari, kuitirwa zvakanaka nekuvapo kwenyu. Uye zvino ndacherechedza angangoita maoko 12, 14 asimudzwa

kuitira kupodzwa manheru ano. Kana zviri zvekuti tipinze vanhu vazhinji vanorwara mukati, tichangodanidzira husiku humwe hweshumiro yekunamatira vanorwara chete, zvichida Mugovera manheru neSvondo zvakare. Kana tikaona kuti hatikwanise kuvatora vose neSvondo, tichatora manheru eMugovera. Tichaona kuti zvinobuda sei.

<sup>101</sup> Zvino ndi—ndinonamata kuti makomborero aMwari agare zvakadzama pane mumwe nemumwe wenyu, uye ngaVave nemi uye vakuropafadzei kusvikira takwanisa kusangana mangwana manheru zvakare.

<sup>102</sup> Ngatikotamisei misoro yedu zvino muchinguvana chemunamato, apo ndichikumbira mufundisi kuti vauye kumusoro kuno vazotiparadzanisa neshoko remunamato. 

*KUUYA KWA***SHE** *KWECHIPIRI* SHO57-0417  
(The Second Coming Of The Lord)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chitatu manheru, Kubvumbi 17, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

**VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE**  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

**VOICE OF GOD RECORDINGS**  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)